# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रयागराज महाकुंभ में बसंत पंचमी क तीसरका अमृत स्नान जारी बाटे। आजु संझा चारि बजे ले करीब दुइ करोड़ सरधालु पबित्र संगम में स्नान कइ चुकल रहलें। एह मौका पर प्रदेस सरकार की ओरि से साधु संतन अउर सरधालुअन पर हेलीकाप्टर से फूल बरसावल गइल। महाकुंभ मे सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हवे। एगो रिपोर्ट–

*महाकुंभ मेला क्षेत्र के सभी स्नान घाटों पर देश के कोने–कोने से आये श्रद्धालुओं का हुजूम देखने को मिल रहा है। भोर से ही श्रद्धालु पवित्र त्रिवेणी में आस्था की डुबकी लगा रहे हैं। पूरे हर्षोल्लास के साथ आज सबसे पहले महानिर्वाणी अखाड़े ने पवित्र त्रिवेणी में डुबकी लगायी। महत्वपूर्ण स्नान पर्व के चलते सम्पूर्ण मेला क्षेत्र में सुरक्षा व्यवस्था चाक–चौबंद है। श्रद्धालुओं की सुविधा के लिये पानटुन पुलों को भी खोला गया है, जिससे श्रद्धालु सुचारू रूप से आवागमन कर रहे हैं। प्रवीण मिश्रा आकाशवाणी समाचार महाकुंभ नगर प्रयागराज।*

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो प्रदेस के उच्चाधिकारियन के साथे आजु भिन्नही साढ़े तीनि बजे से लखनऊ में अपने सरकारी आवास से बसंत पंचमी स्नान के इंतिजाम क निगरानी कइलें। साधु संत लोगि महाकुंभ स्नान में सासन प्रसासन की ओरि से कइल गइल इंतिजाम के तारिफ कइलें। जूना अखाड़ा क आचार्य महामंडलेश्वर अवधेशानन्द गिरि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क तारिफ कइलें।

***माननीय नरेन्द्र मोदी जी के मार्गदर्शन में उत्तर प्रदेश के अत्यंत संवेदनशील सभ्य–शिष्ट और संस्कारवान आदरणीय योगी आदित्यनाथ जी महाराज के शत संकल्प से आज हम स्नान कर सकें। बहुत–बहुत बधाई, धन्यवाद।***

आजु भिन्नही ढेरि संख्या में लोगि गंगा आरतियों में हिस्सा लिहलें। महाकुंभ क पहिला दुइ गो अमृत स्नान चउदह जनौरी के खिचड़ी के दिन्ने अउर ओनतीस जनौरी के मौनी अमौसा पर भइल रहे। तेरह जनौरी से सुरू भइल महाकुंभ में अबले करीब छत्तीस करोड़ से जियादे सरधालु आ चुकले हउवें।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें हवे कि एह बेरि आम बजट में रेलवे के ओन्नइस हजार आठ सौ अठावन करोड़ रूपिया उत्तर प्रदेस के मिलल हवे। ई रकम प्रदेस में यात्री सुविधा के बढ़ावे, रेलवे क काया कल्प करे अउर ट्रैक क विस्तार करे बदे आवंटित भइल हउवे। रेलमंत्री ई जनकारी एगो पत्रकार वार्ता के जरिए दिहलें जवने क वर्चुअल माध्यम से प्रसारणों कइल गइल। वाराणसी जिला के पूर्वोत्तर रेलवे सभागार में वर्चुअल प्रसारण के समय स्थानीय मीडिया के साथे साथे उत्तर रेलवे क एडीआरएम लालजी चौधरी के सथहीं कई गो वरिष्ठ रेल अधिकारियों मौजूद रहलें।

**********

मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर उप चुनाव बदे कई गो राजनीतिक दलन क चुनाव परचार आजु संझा समाप्त हो गइल। पांच फरौरी के येह सीटि पर ओट परी अउर आठ फरौरी के ओटन क गिनती कइल जाई। चुनाव परचार के आखिरी दिन्ने आजु समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आ भारतीय जनता पारटी क प्रदेस अध्यक्ष भूपेन्द्र सिंह चौधरी अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में जनसभा कइलें। येह सीटि से भाजपा ओम्मेदवार चन्द्रभानु पासवान अउर सपा ओम्मेदवार अजीत प्रसाद के सथहीं कुलि दस ओम्मेदवार चुनाव मैदान में बाड़ें।

**********

निर्वाचन आयोग प्रदेस के मिल्कीपुर विधानसभा उपचुनाव में मतदान के दिन्ने पांच फरौरी के भिन्नही सात बजे से संझा साढ़े छौ बजे ले एग्जिट पोल पर रोक लगा दिहले हवे। एगो अधिसूचना में आयोग की ओरि से टेलीबिजन चैनलन, रेडियो केन्द्रन अउर समाचार एजेंसियन के सथहीं सज्जों मीडिया कंम्पनियन के एह निरदेस क कड़ाई से पालन करे के कहल गइल हउवे। ई रोक मतदान के खतम भइले ले अड़तालीस घंटा ले इलेक्ट्रानिक मीडिया पर प्रसारित कउनहू जनमत सर्वेक्षण आ चाहे सर्वेक्षण परिणामों पर लागू रही।

**********

सोनभद्र जिला के हाथीनाला थानाक्षेत्र में रानी ताल के लग्गे काल्हि राति एगो ट्रक अउर कार में आमने सामने भइल टक्कर में छौ जने क मउति हो गइल। जबकि तीनि जने घाही हो गइलें। कार में बइठल लोगि महाकुंभ में नहाये जात रहलें। दुर्घटना ओह समय भइल जब रानी ताल के लग्गे एगो ट्रक बेकाबू होके डिवाइडर से टकरइले के बाद कार के सामने से टक्कर मारि दिहलसि।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में अगिला दुइ दिन्न ले हल्लुक से मध्यम कुहेसा क आगम जतवले हवे। विभाग के मोताबिक पूरा हपता मौसम सुक्खले रही, सथहीं बिहने अउर परसो पांच फरौरी के ढेर राति आ भिन्नही के हल्लुक से लेके मध्यम कुहेसा क आगम बाटे। छौ अउर नौ फरौरी के ढेरि राति में आ भिन्नही के हल्लुकाहे धुन्ध अउर हल्लुकाहे कुहेसा रही। विभाग सात अउर आठ फरौरी के तेज बेयारी चलले क पूर्वानुमानों जतवले

**********